Deklarasyon Dwa Moun k ap Fè Alètman


Lè moun yo ap prepare pou akeyi yon tibebe, chwazi fason pou ba li manje se youn nan plizyè desizyon enpòtan y ap pran. Pwofesyonèl swen sante yo dakò pou di alètman se chwa ki pi bon pou pifò moun.

Men ki dwa ou genyen:

- Dwa pou w fè pwòp chwa pa ou konsènan alètman.
- Dwa pou yo di w avantaj ki genyen nan alètman an
- Resevwa sipò nan men ekip swen sante ak pwofesyonèl gadri yo

Kit ou chwazi fè alètman kit ou chwazi pa fè l, ou genyen dwa yo dekri nan piblikasyon sa a. Ou genyen dwa sa yo kèlkeswa mòd peman ou oswa: laj ou, ras ou oswa koulè po ou; sitwayènte w oswa estati imigrasyon w, orijin nasyonal ou, kredo w oswa relijyon ou; andikap ou, pwoblèm sante ou genyen ki gen pou wè ak gwosès; estati ou antanke moun ki viktim vyolans nan kay; idantite w oswa ekspresyon jan ou, sèks, oryantasyon seksyèl ou; eta sivil ou, sitiyasyon familyal ou: marye, selibatè, ansent, genyen timoun, elatriye; estati militè ou; kazye jidisyè ou.

Matènite yo ak sant akouchman yo gen responsablite pou yo eksplike dwa sa yo aklè epi bay yon entèprèt, si sa nesesè. Dwa sa yo ka limite sèlman nan ka kote sante ou oswa sante tibebe w la egzije sa. Si youn nan dwa ki vini annapre yo pa garanti pou ou menm oswa tibebe w la sou plan medikal, yo ta dwe eksplike w rezon yo aklè. Epitou, yo ta dwe mande ou opinyon ou sou opsyon yo.



Anvan Ou Akouche

Ou dwe resevwa Deklarasyon Dwa (Bill of Rights) sa a si w suiv kou prenatal kay yon founisè swen anvan akouchman selon yon Atik 28 Eta Nouyòk. Founisè swen anvan akouchman yo genyen ladan yo matènite, sant akouchman, klinik nan lopital, ak sant dyagnostik oswa sant tretman.

Pandan y ap fè rezèvasyon alavans oswa admisyon, matènite ak sant akouchman yo dwe bay chak pasyan, oswa reprezantan pèsonèl yo, de bagay. Youn se Deklarasyon Dwa sa a; lòt la se yon bwochi ki bay enfòmasyon sou matènite. Yon reprezantan pèsonèl se yon moun pasyan an chwazi pou aji oswa pale pou li.

Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon konplè sou avantaj alètman an genyen pou ou menm ak tibebe w la pou w ka fè yon chwa eklere nan zafè alètman.

Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon ki pa gen okenn enterè komèsyal epi ki di:

- Byenfè alètman an genyen pou ou menm ak tibebe w la sou plan nitrisyonèl, medikal, emosyonèl
- Fason pou w prepare pou fè alètman
- Fason pou w konprann kèk pwoblèm ou ka rankontre ak fason pou rezoud yo

Nan Matènite a oswa Sant Akouchman an, men ki dwa ou genyen:

- Dwa pou tibebe w la rete avèk ou tousuit apre l fin fèt, kit ou fè li nan kouch nòmal kit ou fè li nan sezaryèn
- Dwa pou tibebe w la rete nan chanm nan avèk ou 24 sou 24
- Dwa pou w kòmanse fè alètman inèdtan apre w fin akouche
- Dwa pou w bay tibebe w la tete nan inite swen entansif neyonatal la
  - o Si alètman an pa posib, yo dwe fè tout tantativ pou fè tibebe w la resevwa lèt ou ponpe oswa tire a.
- Dwa pou w bay tibebe w la tete nenpòt lè, lajounen kou lannwit

Lè w ap Mande Èd oswa Enfòmasyon, men ki dwa ou genyen:

- Dwa pou yon moun ki resevwa fòmasyon nan sipò alètman ede ou
- Dwa pou yon moun ki resevwa fòmasyon espesyal nan sipò alètman ede ou si tibebe w la genyen bezwen espesyal
- Dwa pou w resevwa enfòmasyon konplè pou konnen ki jan w ap degaje w avèk alètman an, epi jwenn èd pou amelyore li
- Dwa pou yo enfòme w sou medikaman ki ka fè enpak sou pwodiksyon lèt ou ak dwa pou w refize yo
- Dwa pou w konnen si pwofesyonèl swen sante w la oswa pedyat tibebe w la dekonseye alètman anvan w pran nenpòt desizyon sou koze a
- Dwa pou w fè yon fanmi oswa zanmi resevwa enfòmasyon sou alètman nan men yon manm pèsonèl, si w mande sa.

Men ki dwa ou genyen tou:

- Dwa pou w fè yo pa bay tibebe w la manje nan bibwon ni sousèt
- Dwa pou w mete yon pankat sou bèso tibebe w la ki di aklè tibebe w la nan tete epi yo pa dwe ofri li okenn manje nan bibwon ak/oswa sousèt ni tetin atifisyèl

  Remak: Si ou menm oswa tibebe w la oblije retounen nan yon matènite apre yo te fin egzeyate nou, men sa matènite a ap fè:
  - y ap fè tout sa ki posib pou yo kontinye kore alètman an
  - y ap bay ponp lèt elektrik kalite siperyè yo itilize nan lopital yo ak espas kote paran yo ak tibebe yo kapab rete ansanm.

Lè W Ap Kite Matènite a oswa Sant Akouchman an, men ki dwa ou genyen:

- Dwa pou w genyen enfòmasyon enprime oswa nimerik (anliy) sou zafè alètman ki pa gen okenn kontni komèsyal
- Dwa pou w kite etablisman an san w pa resevwa kit egzeyat ki gen ladan yo lèt nan bwat pou tibebe, koupon pou achte lèt nan bwat pou tibebe, oswa echantiyon lèt nan bwat pou tibebe gratis. Sepandan, si w vle, ou kapab voye jete dwa sa yo epi mande pwodui sa yo si yo disponib nan etablisman an
  - o Ou ka resevwa pwodui sa yo si pedyat tibebe w la preskri yo.
- Dwa pou w jwenn enfòmasyon sou resous ki disponib nan kominote w la sou alètman, san wete disponiblite espesyalis nan zafè alètman, gwoup sipò, ak ponp lèt
- Dwa pou w fè etablisman an ba w enfòmasyon ki pou ede w chwazi yon pedyat pou tibebe w la. Epitou, ou gen dwa pou fè yo ede w konprann enpòtans yon randevou suivi genyen
- Dwa pou yo di w fason pou w byen tire oswa ponpe lèt ou epi konsève li

Lè W Ap Bay Tibebe W La Tete, men ki dwa ou genyen:

- Dwa pou w bay tibebe w la tete nenpòt kote yo otorize w fè sa, kit se espas piblik kit se espas prive. Se pwoteksyon dwa pou alètman ki nan Seksyon 79-e Lwa sou Dwa Sivil (Civil Rights Law) Eta Nouyòk la ki eksplike dwa sa a.
  - o Yo ka konsidere vyolasyon dwa sa a tankou diskriminasyon daprè Lwa sou Dwa Moun (Human Rights Law) nan Nouyòk, sitou sou baz sèks ak sitiyasyon familyal: marye oswa selibatè, ansent, genyen pitit, elatriye
- Dwa pou w bay tibebe w la tete nan travay ou oswa nan gadri a. Anviwònman an pa ta dwe dekonseye zafè alètman an ni zafè bay tete a.
- Pòz peye ki dire 30 minit pou tire lèt nan travay rive jiska twa (3) lane apre akouchman an daprè atik 206-c nan Lwa sou Travay la (Labor Law). Pòz sa yo ajoute sou pòz peye yo oswa pòz manje yo. Ou kapab itilize lòt pòz manje si w bezwen plis pase 30 minit pou tire lèt.
  - o Anplwayè w la dwe fè tout sa li kapab pou li reponn ak bezwen ou yo nenpòt lè w oblije fè yon pòz. Epitou, li dwe ba w yon espas prive kote pou w tire lèt.
  - o Anplwayè w la pa ka fè diskriminasyon kont ou poutèt desizyon ou pran pou tire lèt nan travay.
  - o Si yon anplwayè pa respekte kondisyon sa yo, li ka vyole youn nan de lwa yo. Lwa sa yo pwoteje anplwaye yo pou yo pa sibi diskriminasyon sou baz sèks, pwoblèm sante ki gen pou wè ak gwosès, ak andikap nan travay. Yo se Lwa sou Travay (Labor Law) nan Eta Nouyòk ak Lwa sou Dwa Moun (Human Rights Law) nan Eta Nouyòk.

SA YO SE DWA OU GENYEN.

Si Ou Santi Yo Vyole Dwa Ou Genyen Yo:

Si **matènite a oswa sant akouchman** an pa respekte dwa sa yo, ou kapab kontakte Depatman Sante (Department of Health) Eta Nouyòk pou w mande èd.

Pou w depoze yon plent: Imèl: promotebreastfeeding@health.ny.gov

Si **anplwayè** w la pa respekte dwa sa yo, ou kapab kontakte Divizyon Nòm Travay (Division of Labor Standards) ki nan Depatman Travay (Department of Labor) Eta Nouyòk pou w mande èd.

NEW YORK STATE | Department of Health

12426 (Haitian Creole)

Pou w depoze yon plent:
Rele nan: 1-888-52-LABOR (1-888-52-52267)
Voye yon imèl nan: LSAsk@labor.ny.gov
Ale nan lyen sa a: on.ny.gov/breastmilkexpression

Ou kapab voye plent pou vyolasyon dwa sivil yo nan Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights) Eta Nouyòk la oswa ou kapab pote yo nan tribinal la.

Pou w siyale diskriminasyon:
Rele nan: 1-844-NYS-DHR1 (1-844-697-3471)
Ale nan lyen sa a: dhr.ny.gov/complaint

7/26